

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan maké pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif nyaéta salah sahiji pamarekan anu dumasar kana filsafat positivism (nyawang réalitas social salaku hiji hal anu holistic atawa gembleng, dinamis, miboga ma'na, jeung miboga hubungan gejala nu sipatna interaktif), anu dipaké pikeun nalungtik dina kaayaan obyékna anu alamiah (obyék anu mekar ku kaayaan sorangan, tanpa aya pangaruh ti panalungtik) (Sugiyono, 2017, kc. 8-9).

Bodgan & Biklen dina (Semi, 1993) nétélakeun yén pikeun maham kana ma'na nu ditalungtik ngagunakeun pamarekan kualitatif, panalungtik kudu mikawanoh tur maham kana sawatara ciri pamarekan kualitatif, di antarana: 1) latar alamiah; 2) kualitatif déskriptif; 3) leuwih ngutamakeun proses; 4) analisis data sacara induktif; jeung 5) leuwih tunjul kana ma'na.

Metode kualitatif jadi titik tolak panalungtikan kualitatif anu nekenkeun kualitas atawa ciri-ciri data nu alami luyu jeung pamahaman deskriptif jeung alamiah (Djajasudarma, 2010). Nurutkeun Semi (1993) léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina panalungtikan kualitatif, nyaéta 1) nyusun konsép; 2) ngumpulkeun bahan-bahan; 3) ngalaksanakeun panalungtikan; 4) ngadéskripsikeun hasil panalungtikan.

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode deskriptif analitik, anu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur tékstual dina naskah biantara pamilon pasanggiri biantara Riksa Budaya Sunda 2022, tuluy dirumuskeun hasil kacindekana.


3.2 Sumber Data jeung Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah biantara anu dijieun ku para pamilon pasanggiri biantara dina Riksa Budaya Sunda 2022. Sedengkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur tékstual dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022.

3.3 Prosedur/Alur Panalungtikan

Prosedur atawa alur panalungtikan dina ngolah data mangrupa téhnik sangkan hasil analisis data dicangking ku cara maké aturan nu luyu jeung pamarekan ogé desain panalungtikan (Arikunto, 2013).

Prosedur dina ieu panalungtikan ngawengku kana sababaraha léngkah. Nu kahiji nyaéta nangtukeun masalah naon anu bakal ditalungtik. Kadua, ngumpulkeun sumber-sumber data anu bakal ditalungtik, nu mangrupa téks biantara pamilon pasangiri biantara Riksa Budaya Sunda 2022. Katilu, téks biantara nu geus kakumpul téh dianalisis maké tiori anu geus ditangtukeun. Kaopat, hasil analisis téh didéskripsikeun dumasar kana hasil panalungtikan. Kalima, data nu geus didéskripsikeun dumasar kana hasil panalungtikan téh dicindekkeun. Pamungkas, nyieun rarancang laporan panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré bisa diténan dina bagan di handap.



Bagan 3.1
Alur panalungtikan

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Ieu téhnik dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber data séjén anu ngarojong kana ieu panalungtikan. Léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan, saperti ieu di handap.

- a. Maca sakabéh naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022.
- b. Nyirian data topik, téma, judul, jeung pola mekarkeun topik.
- c. Nyatet data topik, téma, judul, jeung pola mekarkeun topik.
- d. Mindahkeun data kana kartu data digital.

3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan anu dipaké nyaéta téhnik ngumpulkeun data tina naskah biantara pamilon pasanggiri biantara Riksa Budaya Sunda 2022 ku cara maké kartu data digital.

Tabél 3.1
Conto tabél kartu data topik, téma, jeung judul

No	Topik	Téma	Judul	Kode data

Kartu data di luhur digunakeun pikeun nganalisis topik, téma, jeung judul nu aya dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022.

Tabél 3.2
Conto tabél kartu data pola mekarkeun topik

No data	Topik	Data	Pola	Kode data

Kartu data di luhur digunakeun pikeun nganalisis pola mekarkeun topik dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022.

3.6 Téhnik Analisis Data

Sabada maluruh data tuluy diolah dumasar kana rumusan masalah jeung bahasan nu rék dipedar. Data nu baris diolah dina ieu panalungtikan téh ngaliwatan sababaraha léngkah, saperti ieu di handap.

- a. Nyatet data topik, téma, jeung judul.
- b. Nyatet data pola mekarkeun topik.
- c. Nganalisis jeung ngadéskripsikeun data nu kaasup kana topik, téma, judul, jeung pola mekarkeun topik.
- d. Nyieun kacindekan tina hasil data nu geus dianalisis.